# EXERCISES

## EXERCISE 1: Identifying the Characters

1. Nan la Usman mel?
2. Fan la ko Jibril fekk?
3. Yan yere la Jibril sol?
4. Lan la Usman yoroon?
5. Yan yere la sol?
6. Fan la Binta ak Aysatu nekk?
7. Lan la Binta ak Aysatu daan def?
8. Yan yere la Binta sol?
9. Yan yere la Aysatu sol?
10. Ñaata nit ñoo nekk ci waxtaan wi?

## EXERCISE 2: Reading Comprehension: Choose the right answer between A, B and C

1. **Lan moo dal Usman?**

    **A:** Dafa sonn.

    **B :** Dafa mandi.

    **C :** Dafa seey.

2. **Lan la Jibril wax Usman?**

    **A:** Gaayn booy seey, nga seey.

    **B:** Yoon wi nga jël, du sa yoon.

    **C:** Man la sa ràkk.

3. **Lan la Usman wax Jibril ?**

    **A:** Lu ci sa yoon?

    **B:**Man la Jibril, sa mag.

    **C:** Ngir Yàlla dama la ko ñaan**.**

4. **Lan la Jibril wax Aysatu ak Binta?**

    **A:** Toog fi di ko mettitlu amul njariñ.

© Boston University

**B:** Jafe-jafe yi rekk.

**C:** Usman nuyu na leen.

5. **Lan la moroomi Aysatu yi di wax ci Usman?**

   **A:** Dina ñów, bu soobee Yàlla

   **B:** Yàlla baax na

   **C:** Sa mag ab mandaale la

**EXERCISE 3: Match the expressions in column A with their equivalent or corresponding phrase in column B**

| Column A | Column B |
|---|---|
| 1) Yàlla leeral xelam te gindi ko | a) Dund dund ju dal |
| 2) Ngir Yàlla! | b) Yaay fiy suñu ndey, yaay fiy suñu baay. |
| 3) Yoon wi mu tànn | c) Gis ngeen ni mbir yi deme |
| 4) Lii waroo ko def | c) Yoon wi nga jël nii du sa yoon |
| 5) *Vraiment* gis ngeen *situation* bi | d) Lii du sa *business*! |
| 6) Dund *tranquillement* | e) Waaw, noonu la |
| 7) Lu ci sa yoon? | f) Dama la ko ñaan! |
| 8) Yaa fiy suñuy waajur tey | i) Ci tank yi mu nekk |
| 9) Dëgg la | h) Dina ñówaat, su soobee Yàlla. |

**EXERCISE 4: Fill in the blank by using words from the glossary**

Ngoor dafa _______________ yoon wu bon. Bés bu nekk dafay _______________ ba ne tàtt (maanaam, ba mandi) ñow di _______________ seen waa kër. Magam ak seen waakër ñu ngi _______________ di _______________ Yàlla ndax mu _______________ ko teg ko ci yoonu njub.

Faatu nee na seen kër dafa _______________ moo tax muy dem _______________ tele kër xaritam. Jamono ju bare jafe-jafe lanuy _______________ fi mu tollu nii. Waaye, ku _______________ dinga am fi nga jàpp.

**EXERCISE 5: Ask questions corresponding to the underlined words.**

Misaal: <u>Usman</u> <u>dafa jooy</u> <u>bi mu dellusee seen kër.</u>

| | |
|---|---|
| Kan moo jooy bi mu dellusee seen kër? | (Usman) |
| Lan la Usman def bi mu dellusee seen kër? | (Dafa jooy) |
| Kañ la Usman jooy? | (Bi mu dellusee seen kër) |

1. <u>Jibril</u> dafa <u>ñaan</u> <u>Usman</u> <u>ndax mu bàyyi naan</u>.

2. <u>Aysatu</u> dafa <u>rus</u> a dem <u>ci moroomam yi</u>.

3. <u>Moroomi Aysatu yi</u> ne nañu <u>magu Aysatu</u> <u>mandikat</u> la.

**EXERCISE 6: Listening comprehension.** Listen to the conversation and answer these questions.

1. Lan la waxtaan wi tënk?
2. Lan moo dal Usman ?
3. Lu tax Jibril ne Usman "yoon wi nga jël nii, du sa yoon"?
4. Nan la Usman woowe Jibril?
5. Ban tele la Aysatu bëgg a seetan?
6. Lu tax Aysatu rus a dem ci moroomam yi?
7. Lan moo dal waajuri xale yi?
8. Lan moo tax Usman dellu fi mu jógé ?
9. Lu tax Usman wax Jibril ne: "yaay sunu yaay, yaay sunu baay"?

10. Lu tax Usman jooy bi mu dellusee fi mu jógé?

**EXERCISE 7: Replace these Urban Wolof phrases with their counterparts in Wolof bu Xóót.**

1. *Est-ce que* gis nga *situation* bi nga nekke nii?

   ______________________________________________

2. *Gaayn*! Xoolal, wax ji bu mu bari. *Sinon*, xoolal dama lay *kill*.

   ______________________________________________

3. Soo amee jot, danga ciy profitoo, *n'est-ce pas*?

   ______________________________________________

4. Dund *tranquillement* ______________________________

5. *Parce que* loolu rekk moo fi des ______________________________

6. *Entrez*! ______________________________

7. Amul *problème* ______________________________

8. *Comprendre* nañu la ______________________________

9. *Ça va bien grand*! ______________________________

10. Dama *retourner parce que…* ______________________________

**EXERCISE 8: Yes/No questions. Answer these questions with a full sentence**

1) Ndax ñoom (Jibril, Usman, Binta ak Aysatu) am nañu ay ràkk?
2) Ndax Usman dafa naan bisaab?
3) Ndax Aysatu dafa gàtt?
4) Ndax Binta dafa sol yere yu rafet?
5) Ndax Usman dafa indi wine bi ci biir kër gi?
6) Ndax Jibril dafa ñaan Usman?
7) Ndax Usman dafa dellu ci kër gi?
8) Ndax ñoom Jibril seen yaay ak seen baay yaa ngi ci kër gi?
9) Ndax Usman dafa jooy ci yoon wi?
10) Ndax Usman yoon wu baax la jëloon ?

**EXERCISE 9: Summarize the dialogue in your own words.**

**EXERCISE 10: Role play:** Rehearse and perform the skit using Urban Wolof, Lebu Wolof or Wolof bu Xóót. Be mindful to reflect the local culture, gestures and other kinesic aspects of language.